



ASESMEN SUMATIF BAB II



Wenehana tåndhå ping utawa klik aksårå a, b, c, utawa d ing wangsulan kang bener!

1. Tembang macapat iku sawijining puisi Jawa kang duweni paugeran tartamtu. Paugerane tembang macapat kaya ing ngisor iki, **kajaba....**
 - a. Guru gatra
 - b. Guru wilangan
 - c. Guru wandå
 - d. Guru lagu
2. Serat wulangreh pupuh kinanthi dipunanggit déning....
 - a. Sri Susuhunan Pakubuwana V
 - b. KGPAA Mangkunegaran IV
 - c. Sri Susuhunan Pakubuwana II
 - d. Sri Susuhunan Pakubuwana IV
3. Kang dudu piwulang saka serat wulangreh pupuh kinanthi yaiku....
 - a. Srawung utawa kekancan karo wong pinter
 - b. Milih kanca kudu sing tumindake becik
 - c. Milih kanca kang duwe bandha dunya akeh
 - d. Srawung marang liyan kudu ngati-ati
4. Gatekana pêthikan tembang kinanthi ing ngisor iki!

Padha gulangen ing kalbu

Ing sasmita amrih lantip

Tegese têmbung “lantip” ing tembang yaiku....

- a. Pinter
 - b. Sukses
 - c. Bodho
 - d. Elek
5. Serat wulangreh pupuh kinanthi cacahé ana ... pada.
 - a. 12
 - b. 15
 - c. 16
 - d. 17

Tembang kanggo pitakonan nomêr 6-9!

Titikane budi luhur,
Tansah manembah mring Gusti,
Uga bekti mring wong tuwa,
Tresna asih mring sasami,
Remen tetulung dedana,
Adil datan pilih-pilih,

6. Tembang ing dhuwur ana ... gatra.
 - a. 6
 - b. 7
 - c. 8
 - d. 9
7. Guru wilangan lan guru lagu tembang kinanthi kasebut yaiku....
 - a. 7u, 7i, 7a, 7i, 8a, 8i
 - b. 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i
 - c. 8a, 8i, 8a, 8i, 8e, 8i
 - d. 8u, 8i, 8a, 8i, 8u, 8i
8. Ing ngisor iki titikane budi luhur miturut tembang kinanthi ing dhuwur yaiku....
 - a. Tansah manambah mring Gusti
 - b. Bakti mring wong tuwa
 - c. Tresna asih mring sapadha-padha
 - d. Ora adil utawa tansah pilih-pilih
9. Wateke tembang kinanthi yaiku....
 - a. Susah, nelangsa, prihatin
 - b. Kendho tanpa greget, nelangsa
 - c. Sakepenake dhewe, sereng, sengsem
 - d. Seneng, tresna asih, nuladhani, surasa pangarep-arep
10. Gatekana tembang kinanthi ing ngisor iki!

Mulane wong anom iku,
 Abecik ingkang taberi,
 Jejagongan lan wong tuwa,
 Ingkang sugih kojah ugi,
 Kojah iku warna-warna,
 Ana ala ana becik,

Piwulang saka tembang kinanthi ing dhuwur yaiku....

- a. Wong enom luwih becik jagongan karo wong enom
- b. Wong enom luwih becik jangongan karo bocah cilik
- c. Wong enom luwih becik jagongan karo wong dursila
- d. Wong enom luwih becik jagongan karo wong kang luwih tuwa

**ANA KUPAT KECEMPLUNG SANTEN
 SEDĀYĀ LEPAT NYUWUN PANGAPUNTEN**



Salam –Bu Ginar-